

- Écrire la date en lettres
- Écrire la date sous forme réduite (en abrégé)



Ane a dekoupe an mwa. Mwa dekoupe an Semenn dekoupe an plizyè jou.

Yon dat pèmèt ou konnen nan ki moman ou ye epi konnen de ki jou y ap pale.

Pa egzanp: Vandredi 20 mas 2020 se premye jou ou pa ale lekòl lakòz kowona viris.

Si nou analize dat sa.

- Li gen jou a ladann, ki se jou nan semenn nan. Yon semenn ou konnen gen 7 jou.
- Li gen ki jou nan mwa a li te ye, nan ka sa se ventièm jou (20). Yon mwa gen swa 30 o 31 jou (fevriye se yon ka espesyal li gen pi souvan 28 jou epi yon ane sou 4 29 jou)
- Li di w ki mwa, se mwa mas nan egzanp nou an. Yon ane gen douz (12) mwa soti janvyè rive desanm.
- Anfen li di w ki ane nou ye. Ane sa se 2020.

Kidonk nou t ap pale de 20tyèm jou mwa desanm lane 2020

Kòm elèv souvan ou kòmanse jounen w lè w ekri dat nan kaye w. Ou fè sa chak jou paske li pèmèt ou kenbe tras kilè ou te etidye yon bagay. Tankou si yon jou ou pat ale lekòl ou te ka mande ti zanmi w gade sa yon te fè e li t ap jwenn ni byen fasil si li ekri dat.

Pou w byen ekri dat fò w byen konnen lòd jou ak mwa yo. Fò w ka repere tèt ou nan tan tankou anvan apre, yè jodi epi demen. Eleman sa yo ka ede w ekri dat pi byen.

□ Pou w ekri dat la fò w mete eleman sa yo :

★ Jou semenn nan li ye lendi madi mèkredi
 ★ yon nonm valè jou ki pase nan mwa a
 ★ mwa a janvye fevrye mas avril
 ... epi ane a ane 20?? (2020)

★ Lendi 23 mars 2020 ★

Men kòman pou sèvi ak yo?

kòmanse ak yon majiskil (jou semenn nan) → Mardi (Jou a)

→ 15 (Mwa a)

→ novembre (Ane a)

→ 2005 (Ane a)

Souliyen si w vle

Nonm ki di konbyen jou nan mwa a ki pase

- Gen 7 jou nan yon semen:

Lendi Madi Mèkredi Jedi Vandredi Samdi Dimanche. Fò w toujou mete yon lèt majiskil nan jou a. Li preske tankou se premye mo nan yon fraz.

Tout jou nan semenn nan fini pa « di » sòf dimanch ki li menm kòmanse pa di. Men pa kwè w ap ekri dat sa nan kaye lekòl ou. Ou plis ka sèvi ak li lè w ap ekri jounal ou oswa ekri yon lèt.

- Nonm nan li

Nonm nan endike w valè jou ki kouri nan mwa a. Valè li ka soti nan 1 rive 31.

- Apre sa ekri mwa a. Ou konnen gen 12 mwa nan lane a : janvyè fevriye, mas, avril, me, jen, jiyè, out, septanm, oktòb, novanm epi desanm. Li menm ou pa bezwen mete majiskil nan non ni.
- Anfen mete ane a. Ane sa se ane 2020. Ane nan egzanj nou an se 2005

Lè w ap ekri dat nan kaye w ou ka kite kèk kare anvan ou kòmanse pou li ka swa nan mitan liy nan swa yon ti kal adwat. Si se nan kaye w ou ka deside souliyen n. Si se pou yon lèt ou pa bezwen fè sa.

Jeudi 2 avril 2020

Kounye a ou konnen ekri dat an lèt nou ka pase nan dat abreje. Kisa dat abreje a ye.

Pou w ekri dat abreje a ou ka annik mete kèk nonm separe pa ba oblik kip c bò dwat.

Tankou pou egzanj Jeudi 2 avril 2020

dat abreje a ap : 2 / 4 / 20



Kòman li tounen konsa ? An nou gade ansanm :

1) Bare jou a nan tèt ou. Li pa fè pati dat abreje a

~~Jedi 2 avril 2020~~

2) Kounye a ou rete

2 avril 2020

- 2 a pap bouje
- Avril se mwa 4 (janvyè se mwa 1, desanm se 12)
- Nan 2020 an se 2 denye chif yo ou kenbe

Konsa dat la tounen an abreje 2/4/20.

W ap separe chak chif ak yon ti ba oblik.

Vwala. Ou konnen ekri dat sou fòm abreje !

Konplete tablo a.

Dat antye	Dat abreje
25 septanb 2010
12 mas 2008
.....	20/05/11
6 jen 2003

.....	01/01/13
-------	----------

Banm bay repons yo 25/ 9/10

12/3/08

20 me 2011

6/ 6/ 03

1 janvy 2013

Anvan mwen ale banm pataje yon kichòy ak nou!

Konbyen jou chak mwa pote?

Lè te laj nou manman m te montre m yon ka sonje konbyen jou chak mwa pote. Jodi a mwen prale pataje l ak nou. Fèmen 2 men w tankou ou ap pare goumen (mwen pap voye w batay). Kòmanse pamen gòch. Zo ki sou ti dwèt men gòch la vle di janvyè gen 31 mwa ki tonbe sou yon zo gen 31 jou. Tou yo vle di mwa a gen 30 jou (esepte fevriye ki gen 28 jou)

